



WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## ENFÒMASYON SOU LWA NY HERO A AK KESYON YO SOUVAN POZE

Nan dat 5 Me 2021 an Lwa New York Health and Essential Rights Act (NY HERO Act) la te pwomilge. Lwa egzije plis nouvo pwoteksyon pou sekirite ak sante nan etablisman travay pou lite kont pandemi COVID-19 la. Objektif lwa NY HERO a se pou pwoteje anplwaye yo kont maladi ak ekpozisyon pandan epidemi maladi enfektyez lè a kapab pwopaje.

Apati de nouvo lwa sa a, Ministè Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor -NYS DOL), an kolaborasyon avèk Ministè Sante Eta Nouyòk (NYS Department of Health), devlope yon nouvo plan estanda, yon modèl plan oswa yon modèl pou endistri yo anjeneral, ak 11 modèl plan espesifik pou endistri pou fè prevansyon kont maladi enfektye lè a kapab pwopaje. Anplwayè yo kapab chwazi adopte règleman plan/modèl Ministè Travay Eta Nouyòk (NYS DOL) bay ki bon pou yo oswa yo kapab etabli yon lòt plan ki reponn oswa ki depase estanda minimòm egzijans yo.

Plan sa a dwe antre an aplikasyon lè Komisyon Sante Eta Nouyòk (New York State Commissioner of Health) dezinye yon maladi transmisib kontajye ki kapab pwopaje nan lè a ki se yon gwo maladi transmisib kontajye ki prezante yon grav danje pou sante publik la. Ka genyen egzijans anplis oswa pi gran mezi ki antre nan estanda a dapre yon deklarasyon eta dijans (state of emergency) si ta genyen yon maladi enfektye lè a kapab pwopaje, ak nenpòt ki modèl estanda federal ki aplikab.

Modèl Estanda disponib an Anglè ak Espanyòl.

### DELÈ

- **5 Me 2021** – Lwa NY HERO a te pwomilge.
- **6 Jiyè 2021** – Ministè Travay (DOL) pibliye modèl estanda yo.
- **5 Out 2021** (30 jou aprè Ministè Travay Eta Nouyòk (NYS DOL) devlope ak rann publik modèl estanda yo) - Dèle pou anplwayè Nouyòk yo adopte yon plan eksposizyon a maladi enfektyez ki kapab pwopaje nan lè a. Anplwayè yo dwe bay tout anplwaye yo plan an alekri an Anglè ak nan lang matènèl travayè (yo) disi 30 jou aprè yo fin adopte plan an, 15 avan yo relouvri akoz te genyen yon maladi enfektyez ki te lakoz yo fèmen, epi yo dwe bay tout nouvo anplwaye yo plan an lè y ap antre nan travay.
- **4 Septanm 2021** - Anplwayè yo dwe distribiye plan kont maladi enfektyez la bay tout anplwaye yo.
- **1 Novanm 2021**- Tout anplwayè ki genyen 10 oswa plis anplwaye dwe bay travayè yo pèmisyon pou yo etabli ak administre yon komite sendikal miks sou kesyon jesyon sekirite nan etablisman travay yo.

*Nòt: Detay yo ka modifie. Tanpri ale sou [dol.ny.gov/ny-hero-act](http://dol.ny.gov/ny-hero-act) pou plis enfòmasyon ak mizajou.*

### KESYON YO POZE PI SOUVAN

#### Ki biznis Lwa NY HERO a sible?

Lwa a sible tout endistri ki pa endistri gouvènmantal sou tout sit travay nan Eta Nouyòk, aleksepsyón de yon anplwaye oswa yon anplwayè ki anba yon estanda OSHA pèmanan oswa yon estanda OSHA tanporè pou COVID-19, oswa pou maladi enfektyez anjeneral. Jiska dat, se sèlman endistri sante ki anba modèl estanda OSHA sa a ak anplwayè ki bay lojman ak transpò. Li pwoteje tou plizyè kategori travayè espesyal nan lokal travay "ki pa etablisman tradisyonèl" ak domestik prive ak moun k ap travay pou platfòm dijital oswa aplikasyon dijital. Lwa NY HERO pa sible travay ki fèt sou telefòn oswa sit travay anplwayè a pa gen kapasite pou l kontwole.

## **Èske Lwa NY HERO se pou COVID-19 espesifikman?**

Non. Lwa a fèt pou ede prepare pou nenpòt ki maladi enfektye lè a pote. Ak nenpòt ki enfeksyon viral, bakteri, oswa enfeksyon champinyon (fungal) ki transmisib nan lè a atravè patikil ayewosòl (aerosol) yo oswa gout krache ki soti nan bout moun ke Komisyon Sante Eta Nouyòk konsidere kòm yon maladi transmisib ki trè kontajye.

## **Ki obligasyon anplwayè yo genyen konsènan plan sekirite yo a?**

Tout biznis ke lwa sible yo dwe genyen plan yo anplas 30 jou aprè Ministè Travay Eta Nouyòk fin pibliye règleman pou maladi enfektyez yo (5 Out 2021 an). Yon modèl jeneral, oswa yon Plan Prevansyon kont Epozisyon a Maladi Enfektyez, ansanm avèk modèl espesifik pou enditri yo, Ministè Travay devlope. Anplwayè yo kapab itilize modèl sa yo oswa devlope pwòp plan yo an kolaborasyon avèk anplwaye yo oswa ajan negosyasyon kolektif yo (collective bargaining agents).

## **Ki mezi anplwayè yo dwe pran aprè Komisyon Sante Eta Nouyòk fin dezinye ke genyen yon maladi enfektyez lè a kapab pwopaje?**

Lè Komisyon Sante Eta Nouyòk fin dezinye ke gen yon maladi transmisib ki trè kontajye ki reprezante yon grav danje pou sante piblik la, anplwayè yo dwe pran mezi sa yo:

- Revize plan prevansyon kont eksposizyon nan etablisman travay la imedyatman epi mete li ajou, si se nesesè, pou fè asire li genyen novo enfòmasyon, gid, ak egzijans ki obligatwa ke gouvènman federal, leta, oswa lokal yo soti konsènan maladi enfektye a;
- Finalize epi mete plan prevansyon kont eksposizyon nan sit travay la an aplikasyon touswit;
- Bay yon revizyon vèbal sou plan an ak anplwaye yo;
- Bay chak anplwaye yon kopi plan prevansyon an an Anglè oswa nan lang matènèl anplwaye sa yo, si li disponib. Yo dwe afiche plan an sou sit travay la e li dwe aksesib pou anplwaye yo pandan tout lè travay yo.

## **E si pa genyen yon maladi Komisyon sante a dezinyen? Èske gen yon bagay yon anplwaye dwe fè?**

Wi. Menm lè pa genyen yon maladi ke Komisyon Sante Eta Nouyòk dezinyen anplwaye yo dwe:

- Etabli yon plan prevansyon kont eksposizyon a maladi enfektye epi bay anplwaye yo li nan 30 jou aprè yo vin adopte plan an.
- Anplwayè yo dwe toujou revize e fè mizajou nan plan yo pou reflete novo aspè oswa aspè modifye fonksyonman biznis yo oswa pou li ka konpatib avèk yon estanda prevansyon kont eksposizyon a maladi enfektyez ki ka pwopaje nan lè a ke Ministè Travay Pibliye.

## **Èske yon anplwayè dwe bay anplwaye I yo plan prevansyon kont eksposizyon a maladi enfektyez la?**

Wi. Yon anplwayè dwe bay anplwaye yo plan an akekri:

- 30 jou aprè plan fin antre an aplikasyon;
- 15 jou aprè yo relouvri aprè yon peryòd kote yo te fèmen akoz yon maladi enfektye;
- Nan moman y ap anboche yon nouvo anplwaye.

## **Ki misyon komite sendikal miks sou kesyon jesyon sekirite nan etablisman travay la?**

Lwa egzije anplwayè ki genyen 10 oswa plis pou yo etabli ak administre yon komite sendikal miks sou kesyon jesyon sekirite nan etablisman travay pou asire anplwayè yo jwe yon gran wòl sou kesyon sekirite nan sit travay yo ak yo ka soulve preyokipasyon yo konsènan sante ak sekirite. Obligasyon sa a ap antre an aplikasyon 1ye Novanm 2021 an. NYS DOL pral soti règleman konsènan egzijans komite sekirite nan etablisman travay la alavni.

## **Ki mekanis ranfòsman ki egziste pou abòde vyolasyon lwa a?**

Yo kapab fè anplwayè yo peye 50\$ penalite pou vyolasyon rive jiska 10,000\$ poutèt yo pa respekte egzijans plan an.

## **Kisa k ap rive si yon anplwyè revoke oswa pran lòt mezi reprezay kont travayè yo?**

Lwa NY HERO genyen bonjan pwoteksyon anti-reprezay ki entèdi anplwayè yo pran mezi k ap fòse anplwaye yo fè aktivite ke lwa entèdi. Lwa a fòmèlman entèdi anplwayè yo fè reprezay kont anplwaye k ap egzèse dwa yo.

Ale sou [dol.ny.gov/retaliation](http://dol.ny.gov/retaliation) pou w ka wè plis

## **Èske yon anplwayè dwe bay anplwaye yo yon plan alekri nan yon lòt lang ke Anglè?**

Wi. Yon anplwayè dwe bay anplwaye yo plan an ki ekri nan lang matènèl anplwayè yo. Si yon anplwaye di ki lang ki lang matènèl li epi se yon lang manm komisyon yo pa genyen yon modèl estanda ki disponib ladan, anplwayè a kapab bay anplwaye a yon avi nan lang Anglè.

## **Èske I obligatwa pou yon anplwayè eslike anplwaye I yo plan an?**

Wi. Anplwayè yo dwe revize plan an vèbalman pou tout anplwaye, eskepte pou moun k ap travay pou ajans rekritman, kontraktè, ak sou kontraktè, oswa moun k ap fè livrezon machandiz oswa transpòte moun ale ak soti nan sit travay la. Yo dwe revize plan an aloral tou lè genyen yon maladi transmisib kontajye Komisyon Sante dezinye ki reprezante yon gran danje pou sante piblik la.

## Kisa sa vle di revizyon vèbal "verbal review"?

Anplwayè yo dwe fè yon revizyon vèbal plan pwoteksyon kont eksposizyon a maladi enfektyez la avèk tout anplwaye yo, men revisyon sa a pa obligatwa pou li fèt an pèsòn. Anplwayè yo ap fè revizyon vèbal sa a yon fason ki pi bon pou prevansyon kont yon maladi enfektyez ke lè a ka simaye, sou teknoloji videoy konferans oswa odyo lè sa posib.

## Èske li obligatwa pou anplwayè yo afiche plan an sou sit travay la?

Wi. Yo dwe afiche plan an yon kote ki vizib ak atiran sou sit travay la, eksepte si sit travay sa a ta yon veyikil.

## Ki diferans ki genyen ant divès modèl espesifik pou endistri yo?

Divès modèl espesifik pou endistri yo genyen seksyon espesifik Kontwòl Avanse "Advanced Controls" ki sible chak endistri espesifikman.

## E si pa genyen modèl pou endistri m lan?

Si pa genyen modèl ki disponib pou endistri yon anplwayè, anplwayè a kapab swa adopte modèl Plan Prevansyon kont Eksposizyon a Maladi Enfektyez Ministè Travay la oswa kreye pwòp plan altènatif li: Yon plan altènatif dwe egal oswa depase minimòm estanda modèl Plan Prevansyon kont Eksposizyon a Maladi Enfektyez Ministè Travay bay la. Anplwayè yo kapab itilize seksyon Kontwòl Avanse "Advanced Controls" la pou yo ajoute kontwòl ki pozib pou endistri oswa biznis yo a.

## Èske analiz ak kòmantè anplaye yo obligatwa nan developman plan anplwayè a?

Byenke Ministè Travay ankouraje tout anplwayè pou yo enplike travayè yo nan pwosesis adopsyon yon plan, yon anplwayè ki itilize youn nan plan oswa modèl Manm Komisyon Travay pibliye yo, pa oblige mande anplaye yo pou di sa yo panse avan yo adopte plan an. Jan Seksyon 2 Lwa HERO a egzije l, k ap antre an aplikasyon 1ye Novanm 2021, Anplwayè ki anplwaye omwen 10 anplaye gen obligasyon pou etabli yon komite sekirite nan etablisman travay la ki gen otorizasyon, aprè lòt travay, pou revize règleman etablisman travay la ki konsènan sante ak sekirite nan travay.

## Si anplwayè a fè chanjman nan plan an èske y ap konsidere l kòm yon plan altènatif "Alternative Plan" k ap bezwen revizyon ak/oswa patisipasyon anplwaye yo?

Modifikasyon ke anplwayè a fè nan seksyon kontwòl la oswa Kontwòl Avanse nan Modèl pou Endistri Anjeneral Ministè Travay la pa nesesèman yon plan altènatif "alternative plan" pou Lwa HERO a kidonk li p ap bezwen patisipasyon anplwaye. Sepandan, amande modèl sa a odela de ki sa ki prevwa nan modèl sa a kapab fèl vini yon "plan altènatif" kap bezwen revizyon ak/oswa patisipasyon anplwaye.

## Èske y ap pibliye plis modèl espesifik pou endistri?

Byenke aktyèlman pa genyen okenn plan pou plibliye plis plan espesifik pou endistri yo, Ministè Travay ap pran tout sijesyon an konsiderasyon alvni, e l ap konsidere modèl adisyonèl ak modifikasyon ki fèt nan modèl ki te la deja yo lè ofiramezi l ap resevwa fidbak.

## Èske Lwa HERO a sible etablisman sante yo?

Li pa kapab. Lwa HERO a pa sible anplwayè endistri sante yo si anplwayè a anba yon estanda pèmanan oswa tanporè ke Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay (Occupational Safety and Health Administration -OSHA) adopte. Sepandan, tout anplwayè dwe fè pwòp detèminasyon si wi ou non li memm, oswa nenpòt nan anplwaye l yo, anba yon estanda OSHA tanporè oswa pèmanan. Sizanka ta genyen yon estanda OSHA tanporè ki pa an aplikasyon ankò, anplwayè ki te anba estanda OSHA avan an lè sa a pral tonbe anba Lwa HERO a.

## Èske Lwa HERO a valab pou inivèsite ak lekòl yo?

Non. Lwa HERO a pa valab pou antite gouvènmantal tankou lekòl leta ak inivèsite leta. Anplwaye leta yo, sepandan, tonbe anba egzijans Seksyon 27-c Lwa Travay, ki egzije preparasyon anplwaye leta yo pou sityasyon ijans ki enplike sante piblik.

## Èske anplwayè ki bay lojman ak transpò tonbe anba Lwa HERO a?

Sit Travay "work site" ki tonbe anba Lwa a se nenpòt ki espas fizik ki dezinye kòm lokal moun travay e lokal kote yon anplwayè kapab kontwole. Ak anplwayè ki bay lojman ak transpò.

## Si anplwayè a pa baze nan Eta Nouyòk men li gen anplwaye nan Nouyòk, èske anplwaye Nouyòk yo tonbe anba Lwa HERO a?

Wi, amwens ke anplwaye ki nan Eta Nouyòk la kominike sou telefòn oswa travay sou telefòn sou yon sit kote anplwayè a pa kapab kontwole (pa egzanp rezidans anplwaye a).

## Èske Ministè Travay ap pibliye règleman sou Lwa HERO a?

Wi, Ministè Travay pral pwomilge règleman pou Lwa HERO a konfòmeman avèk Lwa sou Pwosedi Administratif Leta.

## Èske kontraktè endepandan yo tonbe anba Lwa?

Li obligatwa pou anplwayè yo genyen yon plan maladi enfektyez an plas pou tout lokal travay yo gen kapasite pou yo egzèse kontwòl, ak sit travay ki genyen kontraktè endepandan.

**Èske anplwayè yo dwe distribiye plan ekri a bay kontraktè endepanda yo, moun k ap travay pou ajans rekritman, ak lòt ajans moun Lwa HERO a konsidere kòm "anplwaye" yo pa t ap konsidere kòm anplwaye tradisyonèlman?**

Wi.

**Èske Ministè Travay genyen gid pou ki ede nan detèmine ki plan espesifik pou endistri yon anplwayè ta dwe itilize?**

Pa nan moman sa a. Anplwayè yo ta dwe adopte yon plan ki pi aplikab ak editri yo ak sit travay yo oswa itilize Modèl Plan Prevansyon kont Eskpozisyon a Maladi Enfektye ou ka pran nan lè a.

**Èske li obligatwa pou anplwayè yo ajoute plan sa nan manyèl anplwaye yo, si yo genyen youn?**

Wi.

**Si yon anplwayè genyen plizyè endistri ak anviwònman, ki modèl li ta dwe itilize?**

Anplwayè yo ta dwe chwazi modèl ki pi apwopriye a epi pèsonalize seksyon kontwòl la pou ajoute eleman kontwòl ki apwopriye pou endistri a oswa sit travay la (yo) nan evalye kondisyon ak sikonstans ak fonksyon espesifik kontraktè oswa anplwaye yo nan sit travay espesifik pou detèmine ki modèl ki apwopriye pou yo itilize. Anplwayè a kapab etabli plis pase yon plan pou plizyè sit travay.

**Ki modèl ki pi apwopriye pou anviwònman yon biwo?**

Plan Prevansyon kont Ekspozisyon a Maladi Enfektyez la pi bon pou yon anviwònman biwo, men yo dwe prete atansyon pou asire kontwòl ak lòt aspè plan abòde kondisyon ak sikonstans espesifik yon sit travay patikilye.

**Kilè plan maladi enfektyez anplwayè a dwe antre an aplikasyon?**

Anplwayè yo dwe swiv plan maladi enfektye a lè genyen yon maladi transmisib kontajye Komisyon Sante dezinye ki reprezante yon gran danje pou sante publik tankou COVID-19 se yon egzanp. Anplwayè yo ta dwe toujou ale sou sit entènèt Lwa HERO Ministè Travay la sou [dol.ny.gov/ny-hero-act](https://dol.ny.gov/ny-hero-act) pou nenpòt mizajou (houvo enfòmasyon)

**Si yon anplwayè devlope yon plan altènatif pou sit travay li, èske Ministè Travay dwe apwouve li avan yo sèvi avèk li?**

Non, sepandan, anplwayè yo dwe asire plan aktènatif yo a egal oswa depase estanda minimòm modèl estanda a bay.

**Èske Lwa HERO a aplike a yon biznis ki pa gen lòt anplwaye pwopriyetè a?**

Non. nan san sa a yo pa konsidere pwopriyetè a kòm yon "anplwaye" jan li defini nan Lwa HERO a ak li p ap bezwen adopte yon plan pou sit travay li a.

**Pou plis enfòmasyon, konsilte estanda Lwa NY HERO a.**